**दिन—मंगलवार** **दिनांक—07.07.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सीमावर्ती जिला सभ कँ घुसपैठ मुक्त बनयबाक सरकारक प्रतिबद्धता दोहरौलनि। श्री चौधरी आइ अररिया जिलाक फारबिसगंज प्रखंडक हरिपुर पंचायत मे आयोजित सहयोग शिविर मे उपस्थित जनसमुदाय कँ संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे राज्य मे घुसपैठ, आतंकवाद आ अपराधक लेल कोनो स्थान नहि अछि। श्री चौधरी कहलनि जे सहयोग शिविर आम लोकक समस्याक त्वरित समाधानक प्रभावी माध्यम बनि कऽ उभरल अछि। ओ जनौलनि जे एहि शिविरक माध्यम सँ एखन धरि चारि लाख तिरपन हजार लोक आवेदन कयलनि। एहिमे मात्र सत्ताईस हजार आवेदन लंबित अछि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री सहयोग शिविर मे लोकक समस्या सुनलनि आ एकर शीघ्र समाधानक निर्देश देलनि। एम्हर, हमर संवाददाता सभ जनौलनि जे प्रदेशक सभ पंचायत मे सेहो सहयोग शिविरक आयोजन कयल गेल।

---

प्रदेश मे आब राज्य सरकारक स्वामित्व वला राजमार्ग, पैघ पुल, बाईपास आ सुरंग सभ पर टोल टैक्स देबऽ पड़त। परिवहन विभाग पथ उपयोगकर्ता शुल्क नियमावली दू हजार छब्बीस केर अधिसूचना जारी कऽ नव टोल नीति लागू कऽ देलक अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे नव टोल नीतिक तहत मात्र वाणिज्यिक वाहन सभ कँ टोल टैक्स देबऽ पड़त। निजी गाड़ी सभ कँ कोनो प्रकारक टोल नहि देबऽ पड़त। एम्हर, हमर संवाददाता जनौलनि जे अलग—अलग सड़कक लेल गाड़ी सभक श्रेणीक हिसाब सँ टोल टैक्स केर निर्धारण कयल गेल अछि। नव व्यवस्थाक तहत दू लेन सँ बेसी मुदा चारि लेन सँ कम चौड़ाइ वला स्टेट हाईवे पर नेशनल हाईवे केर निर्धारित दरक साठि प्रतिशत टोल लेल जायत। चारि लेन वा ओहि सँ बेसी चौडाइ वला सड़क पर सय प्रतिशत आ साढ़े पांच मीटर चौड़ाइ वला मध्यवर्ती लेन वला सड़क पर पचास प्रतिशत टोल लेल जायत। ओतहि, राज्य सरकारक एजेंसी सभ द्वारा निर्मित दू सय पचास मीटर नमहर पुल, बाईपास आ सुरंग सभ पर सेहो टोल टैक्स वसूलल जायत। नियमक उल्लंघन करबा पर तीन गुणा धरि जुर्माना देबय पड़त।

———————————————————————————————

केंद्र सरकार सुपौल सँ दरभंगा धरि, बेरिया मंच आ मधेपुर होइत, नव राष्ट्रीय राजमार्गक निर्माणक लेल विस्तृत परियोजना रिपोर्ट मने डीपीआर तैयार करेबाक प्रक्रिया शुरू करबाक निर्णय कयलक अछि। सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्रालय भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण कैँ एहि संबंध मे पत्र जारी कय जल्द सँ जल्द डीपीआर तैयार करबाक आ व्यवहार्यता रिपोर्ट मंत्रालय कैँ सौंपबाक निर्देश देलक अछि। रिपोर्ट भेटलाक बाद परियोजना पर आगूक निर्णय कयल जायत।

———————————————————————————————

भाजपा बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव लेल अभिषेक कुमार कैँ अपन उम्मीदवार बनौलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय महासचिव अरूण सिंह एहि संबंध में पत्र जारी कहलनि अछि। अभिषेक कुमार पटना महानगर भारतीय जनता युवा मोर्चाक अध्यक्ष रहि चुकल अथि।

———————————————————————————————

पटना मे दस जुलाई कैँ राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन–एनडीए केर एकटा महत्वपूर्ण बैसार आयोजित होयत। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक अध्यक्षता मे होबयवला एहि बैसार मे जदयू अध्यक्ष नीतीश कुमार समेत एनडीए केर सभ वरिष्ठ नेता सम्मिलित होयताह। जदयू केर कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा जनौलनि जे बैसार मे बांकीपुर विधानसभा उपचुनावक रणनीति पर विस्तार सँ विचार–विमर्श कयल जायत। एकरा अलावा गठबंधन सँ जुड़ल आन महत्वपूर्ण राजनीतिक आ संगठनात्मक मुद्दा सभ पर सेहो चर्चा होयबाक संभावना अछि।

———————————————————————————————

प्रदेशक सभ परंपरागत विश्वविद्यालय मे चारि वर्षीय स्नातक पाठ्यक्रमक चारिम वर्ष मे प्रवेशक लेल सात दशमलव पांच सीजीपीए केर बाध्यता खत्म कऽ देल गेल अछि। लोक भवनक अनुसार संबंधित पाठ्यक्रमक अध्यादेश मे संशोधन कऽ ई शर्त खत्म कयल गेल अछि। संशोधनक बाद आब छओ सेमेस्टर पूरा करय वला सभ विद्यार्थी लोकनि कैँ सातम सेमेस्टर मने चारिम वर्ष मे प्रवेश भेटत। कोनहुं विद्यार्थी कैँ मात्र कम सीजीपीए केर कारणेँ चारिम वर्ष मे जयबा सँ नहि रोकल जायत।

———————————————————————————————————

प्रदेश मे मानसूनक सक्रियता सँ रुकि–रुकि कऽ बरखाक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभागक अनुसार राज्य मे आगिला एक सप्ताह धरि बरखाक अनुकूल परिस्थिति बनल रहत। विभाग काल्हि अररिया, किशनगंज, मधुबनी, सुपौल आ कैमूर जिला मे किछु ठाम भारी बरखाक चेतावनी जारी कयलक अछि। राज्यक आन भाग सभ मे सेहो बरखाक पूर्वानुमान अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरमियान अधवारा मे सभ सँ बेसी सत्तावन दशमलव दू मिलीमीटर बरखा रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————————————————

महाराष्ट्रक नासिक मे आयोजित चौदहम जूनियर, सब–जूनियर पेनचक सिलाट चैंपियनशिप मे बेगूसराय केर सुप्रिया राज स्वर्ण पदक आ साक्षी राज कांस्य पदक जीतलनि अछि। सुप्रिया राजक चयन कॉमनवेल्थ गेम्स लेल सेहो भेल छनि।

———————————————————————————————————

समाप्त भेल।